


# MANIFÈS POU YON DYALOG TOUT MOUN LADAN



NAN LESPRI YON TRANZISYON SAN  
VYOLANS AK VOLONTE POU DEMOKRASI  
AK LAPWOSPERITE FLERI



OCAPH



# PREANBIL

"Nasyon sa a pa yon favè. Se kouwaj ak detèminasyon san parèy tout jeneral ak tout solda lame endijèn yo ki fe l jayi."

Papa nasyon yo te gen yon pwojè byen klè pour Ayiti. Yo te vle pou peyi a vin yon espas libète ki pou fè fas kare ak tout sistèm kap kraze zo moun oswa kap rache diyite moun. Yon espas libète, byen louvri, pou tout moun ki bezwen yon kote pou yo poze do yo, oswa ki bezwen mwayen pou yo viv lavi yo vle a.

Jodi a, pwojè sa a menase. Ayiti pa yon espas libète ankò pou moun ki abite l. Se nan malsite, nan ensekirite, nan vye manyè, anba menas katastwòf lanati moun yo ap viv. Menas sa yo vin pi gwo, pi danjre ane apre ane, akòz anviwonman an fin degrade. Sistèm nou te genyen lontan pou youn ede lòt, platatè jodi a. Anpil frè ak sè nou chwazi al viv nan lòt peyi.

Desizyon pou remete Ayiti kanpe sou de pye l, se sèl pitit fi ak gason peyi sa a ki ka pran l, kit sa ki ap viv pa bò isit, kit sa ki ap viv nan kèlkilanswa branch dispora a. Desizyon pou remete Ayiti kanpe sou de pye l, ka vini nan pran konsyans moman an rive pou nou pale egalego, nan respè youn pou lòt, pou nou ka mete an valè sa ki fè nou makònen ansanm : Patri nou. E nou gen devwa pou nou ranfòse enstitisyon li yo, mete chita estrateji pou nou pale youn ak lòt, nan bon jan dyalòg tout moun ladan l. Konsa nou va rive prezève lapè, lapwosperite, nan tout kominite ki antre anndan Nasyon an.

Pou sa rive fèt, moun ki siyen Manifès sa a dekalre entansyon yo pou mete efò pèsònèl pa yo ansanm ak aksyon òganizasyon yo repezante yo, pou yo ka :

**Pwomouvwa, fasilite, anime yon dyalòg tout moun ladan l, ak fòs sosyal, politik, ekonomik peyi d'Ayiti. Konsa, y ap soutni nètale nesans yon Ayiti anpè, yon Ayiti demokratik, yon Ayiti kap pwospere.**

# VALÈ

Demach sa a ki demare la a, chita sou yon latriye valè tout aktè yo pataje. Valè sa yo ap sèvi kòm referans pou aksyon ki pral reyalize yo. Yap sèvi tou kòm mak idantite, epitou kòm kritè apresyasyon.

## Entegrite

Chak moun, toutan, pa sispann envante tèt li, pa sispann envante pawòl li, pa sispann kenbe tèt li nan anpil estim. Li pa sispan tou bay sa lanati pote bay lòt vivan nan linivè, bay kominote li ak fanmi li tout valè yo merite.

## Tout moun ladan l

Nou tout ki se pitit fi ak pitit gason peyi d'Ayiti, ak dyaspora li, nou gen menm valè. Kèlkilenswa kote nou fèt, orijin nou, nan sa nou kwè, kèlkilanswa jan nou, anyen nan kritè sa yo pa ka tounen baryè pou anpeche nou patisipe nan lavi ak nan devni kominote lokal, oswa kominote nasyonal la. Nou tout, nou san pou san pitit fi ak pitit gason peyi d'Ayiti. Sa vle di tou, nou gen dwa, nou gen devwa.

## Ouvèti

Menm si nou diferan youn ak lòt, nou youn aksepte koute ak konprann lòt, aksepte egzamine lide lòt, bay reyaksyon nou sou sa li ap fè, san prejije. Nou aksepte modifye jijman nou sou yon kesyon.

## Respè youn pou lòt

Kòm manm kominote piti fi ak piti gason peyi d'Ayiti, nou bay respè youn pou lòt youn plas fondamantal nan relasyon nou genyen antre nou. Tout divèjans mande chita pale, nan respè youn pou lòt.

## Bay patrimwa'n nou valè

Kòm piti fi ak piti gason peyi d'Ayiti ak dyaspora li, se sèlman gadyen pwatrimwa'n nasyonal la nou ye. Se devwa nou pou nou bay pwatrimwa'n sa a valè, pou nou ka transmèt li bay jenerasyon kap vini yo.

## Endepandans

Sa nou youn ak lòt ap devni, makonnen ansanm. Nou ap ka pwogrese sèlman si nou aksepte nou youn konplete lòt. Nan aspè sosyal, konpòtman nou youn aji sou lòt, kit se nan nivo lokal oswa nan nivo nasyonal. E li al jwenn tout lòt manm kominote a toutsuit, oswa apre. Menm jan an tou, chanjman nan anviwonman an, ki se konsekans chanjman nan nivo planèt la, vinn jwenn nou tout.

## Tolerans

Kòm nou se rezilta istwa ak eksperyans ki pa sanble, nou rankontre konpòtman nou pat janm konnen, oubyen konpòtman nou rejete. Kòm pitit fi ak piti gason peyi d'Ayiti, ak dyasporal li, nou pre pou nou rekonèt diferans lòt ak nou, menm lè nou pa dakò ak diferans sa a. Sa vle di nou tout nou rekonèt sa ki pa tolerab, sa ki se lekòtrè kondisyon moun.

# POUKISA MANIFÈS SA A ?

- Pwomès Konstitisyon 1987 la pote, tankou lòt pwomès nou jwenn nan yon pakèt lòt konstitisyon peyi d'Ayiti ki jèmen nan lide liberal yo, pa janm ka ateri. Toujou gen yon moman ki rive, kote gwoup sosyal ak ekonomik yo renye pwomès sa yo, detounen yo, nan enterè pèsonèl yo. Yo jije pwomès sa yo menase enterè jibis yo, menm lè se nan benefis kominote nasyonal la pwomès yo ye.

- Ayiti toujou viv mouvman sanzatan, gwoup sosyal ka fè pou revandike dwa yo: dwa pou yo resewva sèvis debaz yo, dwa pou yo patisipe nan desizyon sou tou sa ki konsènen yo, dwa pou yo di sa yo panse, dwa pou yo jwenn yon plas nan kominite nasyonal la. Men mouvman sanzatan sa yo pa janm ka dire. Vit, fòs politik ki nan Pòtoprens yo rekipere yo. Yo aji konsa pou yo ka pwoteje enterè pèanfis gwoup sosyal ak ekonomik ki pi fò yo.

- Nan tout ekzistans peyi d'Ayiti, sèl mòd gouvènman ki pale, se pouvwa otorite oswa diktati. Epizòd liberal yo, oswa demokratik yo, toujou kout. Nan chak jenerasyon, pa gen referans dirab nan jere pouvwa a nan lapè. Pa gen referans dirab nan mete sèvis debaz pou tout popilasyon an. Estatistik nan sante ak nan edikasyon pa janm montre popilasyon an satisfè bezwen sa yo. Pou pri pwodui latè yo menm, yo kalkile yo yon fason pou pwodiktè yo fè yon ti benefis tou zuit. Se ak suè yo, latriye travayè sa yo, peye dèt degoutans pou rekonesans endepandans peyi a. E ni yo ni peyi a pat jwenn anyen an-retou. Enjistis sa a lakòz, jis jounen jodi a, yon kokenn kantite moun nan peyi a ap viv nan lamizè. Pandan senk dènye deseni ki pase la yo, sèl solisyon popilasyon an te wè, se migrasyon. Solisyon sa a lakòz konpatriyòt nou yo prezan anfòs yon pakèt peyi sou kontinan ameriken an. Yo rasanble plis nan peyi tankou Repiblik dominikèn, Etazini, DFL (Depatman Fransè Lòtbòdlo) yo. Yo anpil tou, depi yon deseni konsa, nan pwent anba Amerik Sid la. Youn nan konsekans sanzatan migrasyon-chape-poul sa a bay, se sila a: moun ki deyò ap soutni sa ki anndan, nan voye transfè.

**Mouvman sa yo ap kontribiye nan fè jèmen, oswa nan devlope òganizasyon konsekan** ki kapab patisipe nan mete sou pye enstitisyon Konstitisyon 1987 oswa Konstitisyon amande 1987 la te mande. Konstitisyon sa a, li menm, se yon boulvès sanzatan mas pòv yo te fè ankò sou sèn politik la, ki te fè l fèt. Men tout pati politik ki te parèt nan epòk la, olye yo te ranfòse tèt yo nan regwoupe yo, yo te prefere miltipliye tèt yo alenfini, olye yo travay pou reprezante mas pèp la.

Nan menm moman sa a, plizyè òganizasyon ki te parèt sou teren an, yo kase, yo menm tou, an myèt moso. Paske yo pat kreye okenn mekanis mitan jwèt, pou konsolide aksyon pouvwa piblik yo. Si sa te fèt, tap gen yon kouwa medyasyon ant pouvwa piblik yo ak sitwayen yo. Men kòm sa pat fèt, nou nan menm sityasyon nou obsève pou pati politik yo.

# POUKISA MANIFÈS SA A ?

Depi kat dènye ane ki sot pase yo, peyi d'Ayiti rantre nan yon boulevary vyolans san parèy, kit se andeyò, kit se lavil. Se konsa, kriz ekonomik, politik ak sosyal yo montre aklè, aktè yo pa kapab jwenn platfòm djanm ki ta ka pèmèt fonksyonman byen kòde sosyete a. Okontrè, tout sosyete a tonbe nan yon pwosesis dekonpozisyon ki menase pwojè nasyonal orijinal la. Pwojè sa te vle pou Ayiti toujou yon espas sou latè kote Ayisyen ka viv nan libète total kapital.





Gen yon latrye refleksyon ki fèt pou rive nan oryantasyon ki defini nan Manifès la. Gen kontribisyon òganizasyon Kafou Lespwaki travay sou sa yo rele twa senaryo posib pou jan sitiyoasyon peyi a gen pou evolye. Gen oganizasyon HM3 ki mete deyò yon dokiman ki rele «Douz lane pou bay Ayiti yon nouvo fondasyon ». Gen tou Kongrè peyi Etazini ki adopte yon tèks sou Frajilite Global ki konsène senk gwoup peyi, Ayiti se yonn ladan yo, Tout refleksyon sa yo di li enpòtan anpil pou mete tout fòs nan peyi a ansanm pou atake nan plizyè nivo move konsekans inegalite, enjistis, avèk move koòdinasyon ki genyen sanou teren an.

Manifès ki prezante la a envite tout pitit gason ak tout pitit fi Ayiti ak tout dyaspora a pou yo fè pwomosyon, pou yo akonpaye, pou yo òganze yon dialòg san rete avèk tout gwoup nan sosyete a, tout òganizasyon ak tout moun kap viv nan peyi D'Ayiti osnon nan dyaspora a pou yo pèmèt nouvo lide ak nouva aksyon parèt tèt yo nan yon jan ki pèmèt lapè ak pwoperite blayi nan peyi d'Ayiti yon jan pou tout moun ladan l.

Se paske kriz peyi ap travèse malouk anpil, se paske kesyon sosyal la kase bout bout, nenpòt solisyon ki ka mache oblije global an menm tan li setoblige ale nan jak moso ki konpoze kriz.

An plis pou tout moun fèt pou pran konsyans sou pwoblèm yo, yo fèt pou yo reponn kèk kesyon fondamantal : Ki jan mwen menm pitit fi oswa pitit gason peyi d'Ayiti ka ede rezoud konkenn chenn kriz sa a ? Sou ki moso nan pwoblèm ki la yo mwen ka aji? Ki sa mwen ka fè kòm moso travay pa m la ?

# ESTRATEJI AK ZOUTI POU AJI

-  **Idantifye, mobilize ak bay gwoup aktè nan nivo lokal yo** jarèt pou yo sa fè chanjman non kominote pa yo.
-  **Mete ansanm, konekte ak fè entèkansyon** pou fè tout moun pran konsyans ak angaje tèt yo gen nouvo konpòtman ki a la fwa montre responsabilite ak respè pou tout aktè nan transfòmasyon peyi a kit li nan nivo lokal, kit li nan nivo nasyonal oswa menm entènasyonal.
-  **Chache jwenn, mobilize oswa fè moun mobilize moun enpòtan nan peyi a oswa nan peyi etranje**, moun ki maton nan jan Chache jwenn, mobilize oswa fè moun mobilize moun enpòtan nan peyi a oswa nan peyi etranje, moun ki maton nan jan yo rebati sosyete ki pase nan kriz ou byen ki depafini nan kriz yo travèse. Pati pwogram sa a se pou pèmèt tout gwoup nan sosyete a ki deside refè eskap figi yo, ki deside fòk yo kreye espas kote diyite ak prospérité ka parèt tèt yo, se pou gwoup sa kapap pale ak moun ki vin maton nan rezoud kriz ak metòd pasifik, nan dyalòg youn ak lòt.  
Kominike, bay enfòmasyon ak fè enfòmasyon mache. Yon moso enpòtan nan Manifès sila a se fè enfòmasyon, bon kalite enfòmasyon sikile. Se pou tèt sa tout òganizasyon ki dakò pou kore Manifès sa a, ap pran angajman pou yo anime espas fizik ou byen espas sou entènèt kote yo ka pataje enfòmasyon oswa fè enfòmasyon sikile. Enfòmasyon sa yo ap pale sou pwogrè ki fèt nan domèn dyalòg sosyal oswa nan domèn rebati Nasyon an.
-  **Ede òganize oswa fè reklam pou aktivite nan domèn sosyal oswa ekonomik** ki ka pèmèt kore relasyon sosyal oswa emosyonèl pozitif nan mitan moun ki ap viv nan yon menm kominote. Pou dyalòg vle di yon bagay se li pa fèt anlè, fòk li pran rasin nan pwoblèm chak kominote ap goumen avè yo. Pou chak kominote ka rekòmanse gen lespwa, fòk yo kapab jwenn pwosperite; lè sa a lapè ka retounen nan kominote sa yo ak nan tout peyi a. Aktivite ekonomik, sosyal ak kil-tirèl ka rekòmanse bay tout moun anvi pou yo mete tèt yo ansanm pou yo viv byen youn ak lòt.

# ESTRATEJI AK ZOUTI POU AJI

★ **Etabli relasyon avec moun ki ap pran desizyon oswa ki ap ede pran desizyon nan peyi etranje sou Ayiti.** Nan plizyè peyi etranje gen gwo diskisyon ki fèt sou Ayiti kòm si Ayiti te yon moso nan peyi etranje sa yo. Se sa nou konstate pou kòmanse nan peyi Etazini. Anpil fwa lè etranje ak rentre nan koze Ayisyen, yo fè erè paske yo pa wè tout dimansyon nan relasyon sosyal ak politik nan peyi a. Se vre patnè etranje Ayiti yo vle travay ak Ayiti. Men plizyè fwa yo pa fin konprann sa yo wè yo, menm lè yo gen bon entansyon. Lè ya eksekite desizyon yo pran yo, erè fèt. Yo pa jwenn rezilta yo konprann yo tap jwen la. Se vre chak peyi ap defann enterè yo, men sa pa anpeche pou fè enterè sa yo pa vire tèt anba lè yap eseye ede Ayiti.

Tout òganizasyon ki adopte Manifès la pran angajman pou yo ede esplike a klè ,pou chak patnè peyi a, sitiyasyon peyi a ansanm ak sitiyasyon chak grenn ayisyen.

# OGANIZASYON

*Pa gen chemen ki ekziste, se pandan nap mache nap trase chemen.*

*Antonio Machado*

Oganizasyon ki adopte Manifès pou dyalòg tout moun ladan I lan ap chwazi yon modèl tipa tipa pou yo konstwi òganizasyon ki ap koòdone aktivite ki pral fèt yo.

Nan kòmansman pa gen anpil règ jwèt. Se pandan nap vanse nap ajiste règ jwèt yo. Pou fè jan sa, nap oblije pale san rete yonn ak lòt, nap oblije fè ajisteman yonn ak lòt selon pwoblèm nap rezoud yo. Jan sa a nap ka rete efikas san nou pa tonbe nan fonksyone tankou biwo leta tradisyonèl yo, kote moun pèdi tan epi yo pa bay rezilta.

Pou nou reyalize mòd koòdinasyon sa yo nap sèvi anpil ak zouti teknoloji yo

Tout òganizasyon ki kanpe deyè Manifès la ap fè yon premye konferans nan fen mwa jiyè 2022 a pou yo sa (1) Siyen manifès la (2) prepare yon plan pou yo ka aji pandan twa mwa ki ap vini aprè konferans la. Preparasyon plan pou aksyon sa ap sèvi ak sa yo rele yon teori chanjman pou dyalòg tout moun landan I lan.

**Lè a rive pou tout pitit gason ak tout pitit fi peyi d'Ayiti nan tout kote yo ye, frape pye yo atè pou yo chanje peyi a !**

***Viv Ayiti, grenn plas nan mond lan kote se nou ki mèt tèt nou !***